



Pou Piblikasyon Imedya: 13/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PERRY KÒM GAYAN 10 MILYON DOLA NAN REJYON FINGER LAKES NAN KAD SIZYÈM FAZ INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL LA

Envestisman pou revitalizasyon anba lavil yo se yon pati enpòtan nan estrateji global kwasans ekonomik ak kominotè Eta a

Eta a pral travay avèk rezidan yo, lidè kominotè yo ak responsab piblik yo pou revitalize anba lavil Perry a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Vilaj Perry pral resevwa 10 milyon dola nan finansman kòm gayan Rejyon Finger Lakes la nan kad sizyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la. Pou 6èm Faz DRI a, chak nan 10 rejyon devlopman ekonomik eta a yo pral resevwa 10 milyon dola, k ap bay yon total 100 milyon dola nan angajman eta a pou ede kominote yo ranfòse ekonomi yo nan transfòme anba lavil yo pou yo vin tounen katye ki dinamik.

"Anba lavil New York yo se fòs vital kominote New York yo, e administrasyon mwen an angaje l pou l bay resous yo bezwen pou yo pwospere, fleri epi atenn tout potansyèl yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè envestisman 10 milyon sa a ki soti nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil nou an, n ap ede Perry estime devlopman ekonomik nan anba lavil li a epi amelyore istwa rich vilaj la pandan n ap ranfòse kominote a."

DRI sèvi kòm yon eleman nan politik devlopman ekonomik Eta a nan transfòme katye anba lavil yo pou tounen sant aktivite dinamik ki ofri yon kalite lavi elve ak atire biznis, travay ak divèsite ekonomik ak lojman. Menm jan ak faz DRI pase yo, chak kominote yo chwazi ap devlope yon plan estratejik atravè yon pwosesis planifikasyon asandan ak kominotè ki kominike yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil li a epi edantifye yon lis pwojè kle ki gen potansyèl pou transfòme epi eksplwate plis envestisman prive ak piblik. Depatman Eta a ap akòde fon DRI yo pou pwojè yo chwazi ki genyen pi bon potansyèl pou relanse revitalizasyon an epi reyalize vizyon kominote a.

Vilaj Perry

Yo rekonèt Vilaj Perry pou karaktè istorik li yo ak seri festival atistik li yo ak opòtinite lwazi pou rezidan yo ak touris ki soti nan tout eta a. Distri Istorik Anba Lavil la ak plizyè

moniman istorik nan kominote a nan Rejis Nasyonal Plas Istorik (National Register of Historic Places) yo, sa ki kontribye nan karaktè inik vilaj la. Soti nan Mache Fèmye Perry a pou rive nan Letchworth Arts and Crafts Show ki pi wo nan klas 30 nasyonal la rive nan Tour de Perry, sèn atistik ak lwazi k ap pwospere nan kominote a ap kontinye atire plizyè milye vizitè nan Perry epi sipòte ekonomi lokal la. Pandan plizyè ane ki sot pase yo, Perry te fè eksperyans ak yon rezijans biznis nan anba lavil li a epi li te konplete plizyè pwojè pou revitalize kominote a, ki gen ladan renove Plaj Piblik li a, aktyalize Village Park li a ak yon Splash Park epi konplete yon Pwojè Amelyorasyon Main Street. Pandan tan sa a, anba lavil Perry te wè tou yon pwogrè nan 36 biznis endepandan, ki te etabli 11 evènman siyati ak kreye dè santèn nouvo travay nan tout vilaj yo.

Perry gen entansyon pwofite karaktè ti vil li yo ak vizitè lwazi li yo pou kontinye fè amelyorasyon pou solidifye vilaj la kòm yon sant ospitalye konvwate nan premye plan nan rejyon Genesee Valley a. Perry ap chèche reyalize vizyon li nan re-itilize bilding istorik ki egziste deja yo yon fason adaptif, kreye divès opsyon lojman, elaji opòtinite sèvis kominotè, sipòte pwopriyetè biznis anba lavil yo ak amelyore wout aksesib pou pyeton ak bisiklèt atravè anba lavil li a.

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes yo (Finger Lakes Regional Economic Development Council) te fè yon pwosesis revizyon apwofondi epi konpetitif pou pwopozisyon ki soti nan tout rejyon an, epi konsidere tout kritè ki anba la yo anvan ke yo rekòmande Perry kòm rejyon ki nonmen:

- Anba lavil la konpak, avèk limit ki byen defini;
- Anba lavil la ka kapitalize sou investisman prive ak piblik yo te fè avan yo oswa katalize yo;
- Kwasans travay resan oswa iminan nan anba lavil la oswa toupre li ki atire travayè yo, soutni reyamenajman epi fè kwasans lan dirab;
- Anba lavil la se yon kominote ki abitab epi ki atiran pou divès popilasyon;
- Minisipalite a dwe deja adopte oswa gen kapasite pou kreye epi reyalize politik k ap ogmante abitabilite ak amelyore kalite lavi;
- Minisipalite a dwe mennen yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi ouvè ki ap abouti nan yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis preliminè pwojè ak inisyativ;
- Minisipalite a gen kapasite lokal pou jere pwosesis DRI a; epi
- Minisipalite a te idantifye pwojè transfòmasyon ki pral pare pou aplikasyon akoutèm avèk yon enjeksyon fon DRI yo.

Perry te resevwa 10 milyon dola nan finansman ak investisman eta a pou revitalize katye anba lavil li epi jenere nouvel opòtinite pou kwasans alontèm apre pwosesis planifikasyon lokal la. Perry rejwenn kominote Geneva, Batavia, Penn Yan, Seneca Falls, Newark ak Rochester, ki te gayan rejyon Finger Lakes nan premye senk faz DRI yo.

Perry pral kòmanse pwosesis devlopman yon Plan Envestisman Estratejik pou revitalize anba lavil li avèk jiska 300,000 dola nan fon pou planifikasyon yo ki soti nan sibvansyon DRI 10 milyon dola a. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Envestisman Estratejik la ap egzamine atou ak opòtinite lokal yo pou idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè ki aliye ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon anba lavil la, epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Plan Envestisman Estratejik pral gide investisman fon sibvansyon DRI yo nan pwojè revitalizasyon yo ki pral fè vanse vizyon kominote a pou anba lavil li a, epi ki ka favorize ak ajoute sou investisman 10 milyon dola eta a. Plan pou sizyèm faz DRI a pral fin konplete an 2023.

Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil nou an se prè ke envesti nan kominote anba lavil yo mennen nan kwasans ekonomik lokal ak rejyonal. Avèk finansman sa a, Perry pral konsantre sou pwojè ki kreye plis opòtinite lojman ak biznis divèsifye epi prezève cham vilaj istorik sa a, anretou l ap solidifye plas li kòm yon premye destinasyon ospitalite ak touristik pou tout rejyon Finger Lakes la."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Plan sible ki vize lavni Perry a agrandi e li pwofite tout avantaj sou pase istorik bèl vilaj sa a ak avni ki pwomèt li a. Finansman DRI a pral sèvi pou amelyore vizyon sa a, pou katalize davantaj devlopman ekonomik ki pral elaji opòtinite epi atire vizitè yo nan bèl kominote sa a pou ane k ap vini yo."

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Angajman 10 milyon dola New York ap pran jodi a pral lakòz amelyorasyon nan sant vil istorik Perry a ke rezidan yo ak vizitè Finger Lakes yo pral jwi pandan plizyè deseni. Envestisman enpòtan sa a atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Eta a pral ede lidè kominotè Perry yo renove building istorik ki egziste deja epi kreye nouvo opsyon lojman divèsifye. Mèsi Gouvènè Hochul pou lidèchip li ak devouman li pou revitalize kominote yo atravè Eta nou an."

Ko-Prezidan Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes la, Bob Duffy, Prezidan ak Direktè Egzekitif Chanm Komès Greater Rochester a, ak Denise Battles, Prezidan SUNY Geneseo, te deklare, "Nou ekstrèmman kontan wè yo nonmen Vilaj Perry kòm dènye benefisyè DRI pou rejyon Finger Lakes la. Bèl kominote sa a pare pou l travay sou plan estratejik li ki vize pou atire investisman ak re-dinamize ak redevlope kè ak nanm distri biznis istorik vilaj la."

Senatè Eta a, George Borrello te deklare, "Sa a se yon bon nouvèl pou Vilaj Perry ak tout rejyon Genesee Valley a. Sibvansyon 10 milyon dola Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (DRI) sa a pral pèmèt Perry kontinye renesans li kòm yon destinasyon pou biznis ak touris ak yon pòtay pou bèl Pak Eta Letchworth la Prim sa a se rezilta travay di lidè lokal yo ki te reyini ansanm pou planifye yon chemen pwosperite pou kominote pa yo ak

rejyon an. Li pral pwofite investisman prive pou revitalize distri istorik anba lavil Perry a. Perry se youn nan sèlman 10 kominote atravè New York ki resevwa yon prim DRI 10 milyon dola. Sa se yon temwayaj sou fòs vizyon yo ak angajman yo. Mesi Gouvènè Hochul ak Eta New York paske yo rekonèt yo rekonèt enpòtans investi nan kominote riral nou yo pandan y ap renouvle ak re-envante tèt yo, pou konstwi yon avni ki pi briyan pou rejyon nou an."

Manm Asanble Marjorie Byrnes te deklare, "Mwen kontan ke yo te bay finansman pou Vilaj Perry pou revitalizasyon anba lavil kontinyèl li. Lè m te rankontre majistra a pou premye fwa, mwen te vin okouran sou anpil pwojè ak evènman vilaj la te planifye. Mwen sèten yo pral byen itilize finansman sa a pou elaji zòn pwospere anba lavil Perry a."

Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Wyoming Ian, Rebecca Ryan, te deklare, "Konte Wyoming gen ladann anpil ti kominote ak vilaj ki rich nan istwa, bèl achitekti ak cham. Patenarya piblik/prive yo enpòtan anpil pou nou kapab pwofite tout potansyèl nou yo epi re-anime anba lavil nou yo. Investisman sa a, ak pwojè ki te planifye avèk li yo, pwomèt nouvo devlopman enteresan pou vilaj Perry, kidonk l ap anrichi lavi rezidan aktyèl yo ak pwochen rezidan yo, biznis yo ak vizitè yo Perry ak Konte Wyoming. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou angajman li epi pou asire ke pa gen okenn kominote nan nò eta a ki rete dèyè."

Majistra Perry, Rick Hauser, te deklare, "Pandan vwayaj revitalizasyon nou an, ti vilaj Perry a pa t janm manke moun entelijan, ki avize, epi ki gen vizyon, detèminasyon oswa aksyon. Men, prim sa a pèmèt nou 'monte volim lan nan dènye degre' nan aksyon! Nan domèn tankou lojman, restoran, lwazi deyò, akomodasyon atistik ak ebèjman, yon opòtinite tankou sa a pral gen yon gwo enpak, k ap estimile kalite investisman prive sible ak amelyorasyon sivik pou galope nan direksyon vizyon sa a pou sipòte yon anba lavil dinamik ak rezistan. Mesi Gouvènè Hochul, ESD, REDC ak Eta New York pou patenarya ou a, pou pwogram pwogresis sa yo, ak paske yo kwè nan Pwojè Perry a."

Enfòmasyon Konsènan Inisyativ pou Renovasyon nan Sant Vil la

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la te lanse an 2016 pou akselere epi elaji revitalizasyon anba lavil yo ak katye yo nan tout dis rejyon eta a pou sèvi kòm sant aktivite epi katalizè pou investisman. DRI ke Depatman Eta a avèk asistans Empire State Development, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote ak Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) dirije, reprezante yon estrateji san parèy ak inovan "planifye-answit-aji" ki mete ansanm planifikasyon estratejik avèk egzekisyon imedyat ak mennen nan anba lavil konpak, ki adapte pou mache ki se engredyan kle nan ede Eta New York rebati ekonomi li apre enpak pandemi COVID-19 la, epitou nan reyalize objektif odasye Eta a nan zafè klima gras a pwomosyon itilizasyon transpò piblik ak rediksyon depandans sou machin prive.

Nan senk premye ane pwogram nan, eta a te angaje 600 milyon dola pou investi nan 59 anba lavil yo ki pare pou revitalizasyon epi ki gen potansyèl pou tounen leman ki ap

atire redevlopman, biznis, kreyasyon travay, pi gwo divèsite ekonomik ak lojman, ak opòtinite. Kominote k ap patisipe yo dezinye pa 10 Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal eta a dapre potansyèl anba lavil la pou transfòmasyon. Yo bay chak kominote 10 milyon dola pou yo devlope yon plan investisman estratejik pou anbalavil epi pou reyalize pwojè katalizè kle ki fè vizyon kominote a pou revitalizasyon avanse epi maksimize investisman siplemantè prive ak piblik yo.

Plis enfòmasyon sou DRI a disponib [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418